# Г1агараб школа.




Автор : курбаналиева Аминат- Буртабазул гьоркьохъеб
школалъул 7 «б» классалъул ц1алдохъан.

# Г1агараб школа.

Сверун гъут1буз ккураб цо танкалида
Эхетун бихьула г1агараб школа,
Жанире лъугьани, нилъ х1айранлъулеб,
Къват1ире рахъани, нилъ г1ажизлъулеб.

Рогьел рехарабго, киналго лъимал,
Маккал г1адин, щола радал цудунго.
Г1акълу камиллъизе, лъай щулалъизе,
Щулияб къот1игун уна классазде.

Дица гьеб рик1к1уна хазинарукълъун,
Рух1ияб бечелъи нижее кьолеб.
Дица гьеб рик1к1уна канаб чирахълъун,
Киналдего нижер рак1ал рагьулеб.

Гьенир жанир руго муг1алимзаби,
Эбелги эменги нижей хисулел.
Ват1аналде рокьи, диналде х1асрат
Г1одоса бахъараб нижелъ куцалел.

Дие бокьун буго баркала кьезе
Муг1алимзабазе, директорасе,
Т1аг1амаб квен кьолел богогьабазе,
Хасго ниж ц1унулев охранникасе